# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–02 सितम्बर 2024 भोजपुरी समाचार

केन्द्रीय मंत्रिमण्डल क आजु नई दिल्ली में भइल बइठकी में किसानन के हित से जुड़ल कई गो महत्वपूर्ण फैसिला लिहल गइल। मंत्रिमण्डल के फैसिला क जनकारी देत केन्द्रीय मंत्री अश्विनी वैष्णव बतवलें कि किसानन क जिनगी बेहतर बनावे अउर उनकर आमदनी बढ़ावे बदे सरकार दुइ हजार आठ सौ सतरह करोड़ रूपिया के निवेस के साथे डिजिटल कृषि मिशन क स्थापना करी। एकरे अलावे खाद्य अउर पोसण के फसल विज्ञान बदे तीनि हजार नौ सौ ओन्यासी करोड़ रूपिया क कार्यक्रम सुरू कइल जाई। मंत्रिमण्डल कृषि–शिक्षा अउर प्रबंधन के मजबूत करे बदे दुइ हजार दुइ सौ बानबे करोड़ रूपिया के कार्यक्रम अउर बागवानी विकास बदे एक हजार दुइ सौ दुइ करोड़ रूपिया के आवंटनों के मंजूरी दिहले हवे।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु मुरादाबाद में रामपुर रोड पर आयोजित कार्यक्रम में वृहद रोजगार मेला क उद्घाटन कइलें अउर करीब चारि सौ करोड़ रूपिया के विकास परियोजना क लोकारपण अउर सिलान्यास कइलें। एकरे पहिले मुरादाबाद पहुंचने पर मुख्यमंत्री पुलिस प्रसिक्षण अकादमी में डिप्टी एसपी के पासिंग आउट परेड क सलामी लिहलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि उत्तर प्रदेस सुसासन के मॉडल के रूप में आपन पहिचान बना रहल हवे त एहमें एगो बड़हन भूमिका उत्तर प्रदेस के पुलिस बलो क हवे। उहां के स्मार्ट पुलिसिंग की ओरि बढ़ले पर जोर दिहलीं।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेस के विभिन्न जिलन में हाले में घटित मानव–वन्य जीव संघर्स के घटना क संज्ञान लेत आजु लखनऊ में एगो उच्चस्तरीय बइठकी कइलें। बइठकी में उहां के विभागीय मंत्री अउर अधिकारियन के मानव–वन्य जीव संघर्स के घटना के रोके, ओहकर मॉनिटरिंग करे अउर घटना के कारण पर मंथन कइले क निरदेस दिहलें। मुख्यमंत्री कहलें कि परभावित जिलन में प्रसासन, पुलिस, वन विभाग, स्थानीय पंचायत अउर राजस्व विभाग की ओरि से व्यापक जन–जागरूकता क अभियान चलावे के चाही। सथहीं, लोगिन के सुरक्षा के उपाई के बारे में जनकरियो देवे के चाही। मुख्यमंत्री के बइठकी के बाद मानव–वन्य जीव संघर्स से परभावित बहराइच, सीतापुर, लखीमपुर खीरी जिलन क जिलाधिकारी लोगि अपने–अपने जिलन में पुलिस, वन विभाग, पंचायत अउर राजस्व विभाग के जरूरी दिसा–निरदेस जारी कइले हवें।

**********

लखनऊ के केडी सिंह बाबू स्टेडियम में आजु संझा साढे छौ बजे से क्लब फुटबॉल के दुइ गो मसहूर टीमि मोहन बागान अउर ईस्ट बंगाल के बिच्चे चीफ मिनिस्टर कप फुटबॉल मैच खेलल जाई। एहकर उद्घाटन मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ करिहें। प्रस्तुत हउवे हमरे संवाददाता क एगो रिपोर्ट–

***लखनऊ शहर के लिए आज की शाम ऐतिहासिक होगी जब कोलकाता के दो दिग्गज क्लब केडी सिंह बाबू स्टेडियम में मैदान पर भिड़ेंगे और दर्शकों के लिए एंट्री फ्रीरहेगी। 1925 में कोलकाता से शुरू हुई इस प्रतिद्वंद्विता के चलते मोहन बागान सुपर जाइंट और ईस्ट बंगाल एफसी देश भर के 22 शहरों में 340 बार एक–दूसरे के खिलाफ भिड़ चुके हैं लेकिन लखनऊ में ऐसा पहली बार होगा। इसके बाद अखिल भारतीय फुटबाल महासंघ और भारत सरकार के शिक्षा मंत्रालय के सहयोग से उत्तर प्रदेश के 75 जिलों में लगभग एक लाख फुटबॉल बांटने का कार्यक्रम शुरू हो जायेगा।***

**********

गोरखपुर के मदन मोहन मालवीय प्रौद्योगिकी विश्वविद्यालय में स्पॉट राउंड काउंसिलिंग के जरिये बिहने बीटेक के तीनि सौ एक्यानबे सीटिनि पर प्रवेस लिहल जाई। एहमें प्रदेस के अभ्यर्थियन खातिर तीनि सौ पैंतीस अउर दुसरे राज्यन के अभ्यर्थियन खातिर छप्पन सीटि उपलब्ध रही। विश्वविद्यालय में प्रवेस समिति क प्रभारी प्रोफेसर श्रीराम चौरसिया बतवलें कि इच्छुक अभ्यर्थी नये सिरे से बिहने भिन्नहीं दस बजे ले पंजीकरण करा सके लें।

**********

गोरखपुर से बलिया के बिच्चे आजु से यूपी रोडवेज क नया बस सेवा क सुभारम्भ हो गइल। गोरखपुर के राप्ती नगर डिपो से बलिया खातिर आजु भिन्नहीं छौ बजे, सात बजे अउर आठ बजे से कुलि तीनि गो बस चलावल गइल। एकरे सथहीं बलिया से वापसी दुपहरिया दुइ बजे के बाद सज्जो बस बारी बारी से कइलिनि। गोरखपुर से सोझै बलिया खातिर बस चलले पर यात्रियन में ढेरे खुसी क माहौल रहल।

**********

कुशीनगर जिला में पछिला दस दिन से मौसम क बदलल मिजाज किसानन क चिन्ता बढ़ा दिहले हवे। कृषि बिसेसज्ञन क कहनाम हवे कि धाने क बालि निकरत क जियादे तापमान से पैदावार परभावित हो सके ला। कृषि विज्ञान केन्द्र सेवरही क परभारी डॉक्टर अशोक राय बतवलें कि धान के फसिलि के बढ़ियां पैदावार बदे अधिकतम तापमान अट्ठाइस से तीस डिगिरी सेल्सियस अउर खेतन में पुरहर नमी होखे के चाही। उहां के कहलीं कि अगैती किसिम के धान के प्रजातियन में बालि निकरले क समय चलि रहल हवे। किसानन के चाही कि जो त खेत सुक्खत हउवें त ओहकर नियम से सिंचाई करत रहलें।

**********